



BANK SOAL KITA
UH 4 SEMESTER 2 KELAS V
MAPEL Bahasa Jawa

ULANGAN HARIAN KELAS V SEMESTER II KE 4

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
 Hari / Tanggal :
 Waktu :
 Tema : Teknologi

Wacanen wacan ing ngisor iki kanthi permati!

Telpon

Telpon yaiku piranti kanggo omong-omongan wong loro kang panggonane adoh. Telpon ing masyarakat kutha, lan desa-desa wis dudu barang aneh, prasasat saben omah wis padha pasang telpon, jalaran akeh wong emoh repot, mula kanggo nggampangake sesrawungan akeh wong sing nggunakake telpon. Kajaba iku telpon bisa ngirit wektu lan beya.

Telpon sing pasang ing ngomah-omah yaiku jenis telpon kang disambung karo jaringan telekomunikasi lewat kabel. Telpon iku diarani telpon omah, tegese telpon sing ora bisa digawa menyang endi-endi.

Jaman saiki teknologi sangsaya maju awit ana maneh telpon kang tanpa kabel kang bisa digawa menyang endi-endi. Telpon iki nggunakake batre lan nampa swara lewat gelombang kang dienggo perusahaan telekomunikasi.

I. Wenehana tandha ping (X) ing aksara a, b, c, utawa d kang dadi wangsulan kang kok paling bener!

1. Piranti kanggo omong-omongan wong loro sing adoh panggonane migunake
 a. komputer b. telpon c. TV d. radio
2. telpon sing bisa digawa ing ngendi-endi diarani
 a. TV b. SMS c. HP d. radio
3. Ing jaman biyen piranti kanggo komunikasi sing kalebu tradisional yaiku
 a. kenthongan b. bendhe c. radio d. gong
4. Manut tatanan wong kang nyulayani janji iku kudu
 a. diapura b. ngijoli dhuwit c. dukani d. njaluk pangapura
5. Bapak tuku HP anyar
 Ukara ing ndhuwur basa kramane sing bener yaiku
 a. Bapak mundhut HP enggal c. Bapak mundhut HP anyar
 b. Bapak tuku HP enggal d. Bapak tumbas HP anyar
6. Kenthongan digawe saka
 a. wesi b. atom c. Kayu / pring d. seng
7. Numpak sepur mudhun Surakarta, gawe makmur mbangun
 a. margi b. negara c. omah d. miturut
8. Sing nawon kemit yaiku
 a. bangkekane b. wetenge c. gulune d. sikile
9. Rambute
 a. mbangir b. Nyela cendhani c. ngudhup turi d. ngandhan andha
10. Gupak pulut ora melu mangan nangkane, tegese melu rekasa ora melu
 a. makmur b. mangan c. kepenak d. wragat

II. Gathukna wangsulan ing sisih kiwa nganggo cara nulis aksarane ana ing njero kothak sing kok anggep bener!

- | | |
|----------------------------|---|
| 11. Komunikasi tradisional | ☐ a. HP |
| 12. Tembang macapat | ☐ b. irunge |
| 13. Telpon genggam | ☐ c. Kenthongan |
| 14. sing mbangir | ☐ d. Gambuh |
| 15. Guru lagu | ☐ e. dhong-dhing |
| | ☐ f. Gundhul-gundhul pacul |
| | ☐ g. guru wilangan. |

III. Isenana titik-titik ing ngisor iki nganggo tembung kang mathuk!

16. Hand pone iku tanpa kabel nggunakake batre lan nampa swara lewat gelombang kang dienggo
17. Jalaran iptek maju, ndadekake pagaweyan saya luwih katindakake

18. Tibaning swara ing pungkasane gatra ing macapat diarani
19. Drijine kaya ...
20. Unen-unen kang ngemu purwaka lan isi sarta migunakake purwakanthi swara diarani
21. Sing kerep dicandra iku perangane
22. Sing nanggal sepisan iku
23. Jurang jugruk pinggir kali, wong nglurug wedi
24. Aku lagi mangan tahu, bapak lagi roti
25. Telpon sing dipasang ana omah jenenge

IV. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor manut printahe!

26. Apa manfaate kemajuan tehnologi iku?

Wangsulan : _____

27. Ukara ngoko ing ngisor iki owahana dadi basa krama!

Bapak menyang kantor nggawa tas

Wangsulan : _____

28. Wati ngajak Ani sinau bebarengan ana omahe Siti.

Ukara ing dhuwur owahana dadi kalimat langsung!

Wangsulan : _____

29. Apa kang diarani puisi jawa modern iku?

Wangsulan : _____

30. ?akutukutau .

Tulisan jawa ing dhuwur latine kepiye?

Wangsulan : _____

ULANGAN LESAN

1. Tembang Kinanthi dumadi saka gatra
2. Wajik klethik gula jawa, luwih sing prasaja
3. Kang dicandra miji timun iku
4. Piranti komunikasi tradisional ing desa-desa sing kuna yaiku
5. Manuk emprit nuthuli pari, dadi murid sing
6. Sing naggal sepisan yaiku....
7. Kanthi atur sembah nuwun.
Pethilan gatra tembang kinanthi ing ndhuwur guru wilangan lan guru lagune yaiku
8. Ibu ngandhani hakim supaya adus resik. Tembung ngandhani iku salah kang bener
9. Omah gendheng dak saponane, abot entheng dak ...
10. Kang kaya macan luwe iku

ULANGAN PERBUATAN

Coba gaweya kalimat langsung 5 wae!

KUNCI JAWABAN UNHAR BHS. JAWA KL.V SM 2 KE 3

TES TERTULIS

I. PILIHAN GANDA

1. B
2. C
3. A
4. D
5. A
6. C
7. B
8. A
9. D
10. C

III. ISIAN

16. Telekomunikasi
17. gampang
18. guru lagu
19. mucuk eri
20. parikan
21. awak
22. alise
23. mati
24. dhahar
25. telpon omah

II. MENJODOHKAN

11. C
12. D
13. A
14. B
15. E.

IV. URAIAN

26. Pagaweyan dadi cepet rampung
27. Bapak tindak kantor ngasta tas
28. Ani : “ Ayo sinau bareng neng omahe Siti”!
29. Geguritan
30. Aku tuku tahu

TES LESAN.

1. 6
2. becik
3. untune
4. Kenthongan
5. taberi

6. alise
7. 8u
8. ndhawuhi
9. lakonane
10. lakune

TES PERBUATAN

Kawicaksanan guru